

# Espesyalis prezèvasyon nan twa sant rekiperasyon katastwòf Nan Florid ap ofri konsèy sou rekiperasyon bagay ki gen anpil valè yo.

Release Date: Novanm 3, 2024

**TALLAHASSEE, Florida** — Pandan Florid yo ap rekipere anba domaj siklòn yo, espesyalis prezèvasyon yo pral nan twa Sant Rekiperasyon pou Katastwòf semèn sa a pou ofri konsèy sou fason pou rekipere atik ki domaje tankou foto, travay atistik, twal ak lòt bagay.

FEMA ak Smithsonian Institution ko-patwone [Heritage Emergency National Task Force](#), yon patenarya ki gen plis pase 60 òganizasyon sèvis nasyonal ak ajans federal ki kreye pou pwoteje eritaj kiltirèl kont konsekans dezast natirèl ak lòt ijans yo.

Soti nan Dimanch, Nov 3 jiska Jedi, Nov 7, espesyalis ki soti nan Pwogram Save Trezò Fanmi ou yo pral nan Sant rekiperasyon dezast sa yo:

- Sant Enoch Davis, 1111 18<sup>th</sup> Ave, S, Saint Petersburg, FL, 9 a.m.-5 p.m.
- Sarasota Minisipal Oditoryòm, 801 N. Tamiami Trail, Sarasota, FL, 9 a.m.-5 p.m.
- Orange County Multi-Kiltirèl Sant, 7149 W Kolonyal Dr., Orlando, FL, 9 a.m.-5 p.m.

Pou dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Siklòn Milton, vizite [fem a.gov/disaster/4834](#). Pou Siklòn Helene, vizite [fem a.gov/disaster/4828](#). Pou Siklòn Debby, vizite [fem a.gov/disaster/4806](#). Swiv FEMA sou X nan [X.com/femaregion4](#) oswa sou [Facebook nan facebook.com/fema](#).

###

Misyon FEMA a se ede moun anvan, pandan, ak apre katastwòf.



FEMA

Page 1 of 2

FEMA pran angajman pou l asire asistans pou katastwòf yo akonpli ekitab, san diskriminasyon pou rezon ras, koulè, nasyonalite, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, laj, andikap, konpetans angle, oswa sityasyon ekonomik. Nenpòt moun ki sivivan katastwòf oswa manm piblik la ka kontakte Biwo Dwa Sivil FEMA a si yo santi yo gen yon plent pou diskriminasyon. Ou ka kontakte Biwo Dwa Sivil FEMA a nan [FEMA-OCR@fema.dhs.gov](mailto:FEMA-OCR@fema.dhs.gov) oswa gratis nan 833-285-7448.



**FEMA**

Page 2 of 2